

# Rete

## Reprezante tèt ou nan yon degèpisman

### Ou bezwen tan pou w kite?

---

Si w pèdi jijman pou degèpisman an, oubyen ou aksèpte nan yon jijman tribinal pou w kite kay la, e ou bezwen plis tan pou w kite, ou ka mande jij la pou w rete nan kay la plis tan. Ou dwe **aji vit** e itilize fomilè **Rete de Egzekisyon** an nan livrè sa.

#### Aji vit

**10 jou** aprè ke w pèdi jijman de degèpisman an, propriyetè a ka gen yon **egzekisyon** nan men tribinal la. Egzekisyon an se dwa tribinal la bay propriyetè a li dwe bay yon cherif ou byen yon jandam pou yo ka metew deyò. Yon cherif ou yen yon jandam ka mete w deyò sèlman si propriyetè ou a te bay yo lòd sa.

Si ou fè apèl ak yon ka ke w pèdi nan 10 jou de desizyon tribinal la, propriyetè a pa ka fè Egzekisyon an yon fwa. Gade **Livrè 7: Apèl**.

Plis tan ke w pran pou w mande yon **Rete de Egzekisyon**, se plis risk pou propriyetè a jwenn yon Egzekisyon e mete w deyò.

Ou ka mande tribinal la plis tan avan si ou siyen yon akò e ou pa ka soti nan dat ke w te siyen nan akò a.

## **Konbyen tan kem ka rete?**

---

Fomilè Reta de Egzekisyon an nan livrè sa a mande tribinal la pou anvanse lòd egzekisyon an epi bay ou plis tan pou w trouve yon lòt kay. Kantite de tan ou ka mande depann de rezon pouki y ap fè w degèpi a.

### **Degèpisman absans de fòt**

Si pwopriyetè ou a te vini avèk yon degèpisman absans de fòt, pa egzanp paske fanmi yo vle vin rete nan apatman w lan oubyen paske yo bezwen vann batiman an, jij la ka kite w rete oplis 6 mwa. Yo ka akòdew 12 mwa si ou menm oubyen yon lòt moun nan kay la gen plis pase 60 lane oubyen gen pwoblèm fizik oubyen mantal.

Si yo kite w rete sèlman pou yon ti kras tan, tankou 3 mwa, ou ka fè yon lòt mosyon si w bezwen plis tan.

### **Degèpisman poutèt lwaye a pa peye ou byen degèpisman pou fòt**

Si pwopriyetè a te vini ak yon degèpisman pou lwaye ki pa peye ou byen yon rezon ki se fòt ou, tribinal ka pa bay ou okenn plis tan, ou byen ka bay ou ti kras tan an plis, tankou kèk jou ou byen kèk semèn.

Si jij la bay ou yon Reta de Egzekisyon, li pwobab pou yo bay ou lòd pou w peye lwaye a ou byen yon jis valè de apatman nan moman ke w rete a.

### **Kenbe yon tras de rechèch de lojman**

Utilize **Fomilè Rechèch de Lòjman** alafen livrè sa a pou gade yon tras de apatman yo ke w ap eseye lwe a e aksyon ke w fè etan w ap eseye chèche yon nouvo apatman. Ou ka montre dosye sa a nan tribinal pou yo konnen ke w ap chèche. Atache fomilè a nan mosyon an lè w ap depoze l.

# Kijan pou mande yon Reta de Egzekisyon

---

## Ranpli fòmilè ki nan livrè sa a

Lèt ak chif yo nan direksyon sa yo akòde ak sa ki sou fòmilè a.

- a. Ekri non konte w la.
- b. Kopye non pwopriyetè ou a ki nan fòmilè **Demann pou Parèt ak Plent lan**.
- c. Kopye non ou de Demann pou Parèt ak Plent lan, menm si li pa korèk. Ou ka mande tribinal la pou ranje erè a.
- d. Kopye non tribinal la jan li ekri sou fòmilè Demann pou Parèt ak Plent lan.
- e. Ekri Nimewo Dosye a si w konnen li. Nimewo dosye a se nimewo ke tribinal la bay pou pwosè w la. Ou ka mande grefye nan tribinal la pou sa.
1. Dekri sa w te fè pou w jwenn yon lòt kote pou w viv. Itilize **Fòmilè Rechèch de Lòjman** alafen livrè sa a pou gade yon tras de apatman yo ke w ap eseye lwe a e aksyon kew fè etan w ap eseye chèche yon nouvo apatman. Fè yon kopi de fòmilè rechèch de lojman e atachel nan fòmilè mosyon an nan livrè a.
2. Tcheke bwat la si wou menm ou byen yon moun nan kay la gen 60 an ou byen pi gran ke sa.
3. Kwoche bwat la si ou menm **ou byen yon moun nan kay la** gen yon andikap. **Ou pa oblije gen SSI ou byen SSDI**. Pou **Reta de Egzekisyon an**, andikap ou a ka fizik oubyen yon andikap mantal ki limite konsiderableman:
  - Jan de kay ke w ka viv ladan.
  - Kapasite w pouw trouve yon nouvo kay. Oubyen
  - Kapasite w pou w pran swen tèt ou, fè kèk tach manyèl, mache, wè, tandè, pale, respire, aprann oubyen travay.
4. Itilize liy blanch yo pou w eksprime ke ale kounyeya ap vrèman difisil. Pa egzanp:
  - M te lwe yon nouvo apatman, men li p ap gentan disponib nan yon mwa.
  - M pa ka deplase jiskaskè timoun mwen yo fini ak lekòl.
  - M andikape oubyen m granmoun e m paka twouve yon andwa konvenab.
  - M sou lis atant pou lòjman.
  - Byento m sipoze resevwa yon sibvansyon.
  - M gen yon timoun ki andikape.
5. Kwoche bwat 5 si ou genyen avètisman 48 èdtan de degèpisman de yon cherif ou byen jandam. Ranpli dat ak lè a nan avètisman degèpisman cherif la.

Vini avèk avètisman 48 èdtan an sou ou nan tribinal la.
6. Itilize espas vid la pou dekri nenpòt lòt enfòmasyon ou panse ki ka ede jij la pou deside pou ba w plis tan. Di jij la konsènan fason ke w ap travay avèk pwopriyetè a pandan ke w ap preparew pou w kite. Pa egzanp, si ou peye tout kòb lwaye ou dwe a, di jij la sa nan espas sa a.
7. Rele grefye tribinal la oubyen ranpli seksyon sa lè w pote mosyon ou a nan tribinal la. **Mande grefye a** lè w gen yon odyans e si ou ta dwe mete yon dat ak lè nan mosyon an oubyen si grefye a pral fè l. Si grefye a di w pou w fèl, ranpli dat ak lè a.

8. Kwoche bwat akote fason ou livre / konte pou w delivre mosyon ou a epi Fòmilè Rechèch de Lòjman pou pwopriyete a oubyen avoka li a. Ekri dat la ou delivre oubyen voye fòmilè yo.
9. Siyen ak ekri non w, adrès ou ak nimewo telefòn ou.

## Depoze e delivre Mosyon pou Rete de Egzekisyon an

1. Fè 2 kòpi de chak **Mosyon pou Rete Egzekisyon an** epi **Fòmilè Rechèch de Lòjman an** ke w fin konplete yo
2. Rele grefye biwo a.
  - Di grefye a ou bezwen yon odyans imedyatman anvan ke cherif la mete w deyò.
  - Mande grefye a:
    1. "Kiyès ke dwe ranpli dat odyans lan sou Mosyon pou Rete Egzekisyon an?" Epi,
    2. "Ki meyè fason pou depoze Mosyon mwen an avèk tribinal la?"
3. Aprè ou fin pale ak grefyea:
  - Depoze fomilè **orijinal** yo nan tribinal la osito ke posib. Ou kapab:
    - ✓ Livre l nan biwo grefye a fizikman. Si w livre l alamen nan tribinal la, mande tribinal la pou mete tenb dat la sou kòpi pa w la pou w ka gen prèv ke w te depoze l alè.
    - ✓ Voye l bay tribinal la elektwonikman. Itilize sistèm depo vityèl tribinal la oswa rele yo epi mande tribinal la si w ka voye yon imèl ba yo. Sa a se pi bon fason an si w ka fè li
    - ✓ Si pa gen okenn fason pou w livre l alamen oswa pou w voye l nimerikman aprè w fin pale ak grefye a, ou ka voye l nan lapòs. Men lapòs la pran tan epi w gen yon risk pou yo mete w deyò nan kay la si tribinal la pa resevwa l alè.
  - Remèt yon **kòpi** fòmilè ou yo bay avoka pwopriyete ou oswa pwopriyete ou. Gade bò dwat fòmilè Demann pou Parèt ak Plent lan. Si gen yon nimewo sou liy "BBO#" ou a, pwopriyete ou a gen yon avoka. Pou livre yon kòpi, ou ka:
    - ✓ Livre l alamen oswa voye l pa imèl bay avoka pwopriyete ou. Adrès imèl avoka a afiche anba fòmilè Demann pou Parèt ak Plent lan. Si pwopriyete ou pa gen yon avoka ou pral bezwen yon akò alekri nan men pwopriyete ou ki di ke yo aksepte pou resevwa mosyon ou pa imèl. **Li enpòtan pou remèt Mosyon pou Rete Egzekisyon sa a alamen oswa voye l pa imèl**, paske lapòs la gen dwa pran twòp tan.
  - Kenbe yon kopi pou tèt ou.

## Rive nan odyans ou an alè

Di jij la:

- Rezon yo ki fè ou bezwen plis tan pouw ale.
- Sa ke w fè pou w trouve yon nouvo kote.
- Nonb de jou, semèn oubyen mwa ke w bezwen.

Li pwobab pou jij la anvè konnen si:

- Degèpisman an pa t fòt pa w.
- Ou ka peye lwaye.
- Ou pa t twouve yon nouvo kote pou w rete, menm si ou te fè dilijans. Oubyen
- Ou gen rezon spesifik ki fè ke w pa deplase deja. Pa egzanp, byento ou ka gen yon sibvansyon.

Nan odyans lan, li pwobab pou jij la deside si w ka rete plis nan apatman an e di w konbyen ou ka pran avan ke w dwe ale. Si yo pa di w li nan odyans lan, tribinal la pral voye yon avètisman aprè kèk jou pa lapòs.

## **Si w genyen yon Rete de Egzekisyon an**

Si w gen yon Rete de Egzekisyon, ou pa oblije ale jiskaske dat la nan lòd Rete de Egzekisyon an.

Si w paka twouve yon apatman nan dat lòd Rete de Egzekisyon an, e ou toujou bezwen plis tan pou w deplase. Konplete yon **lòt fòmilè de Rete de Egzekisyon** e atache yon Kanè de Lòjman pou montre sa w te fè pou twouve yon lòt apatman.

Si w tounen bak nan tribinal la pou w mande plis tan, montre tribinal ke w eseye fè dènye efò pou w trouve yon lòt kay. Itilize **Fòmilè Rechèch de Lòjman** an ankò pou fè sa.

## **Si w pa genyen yon Rete de Egzekisyon**

Si w pa gen yon Rete de Egzekisyon, eseye deplase ou menm ak byen ou yo osito ke w kapab.

Si w pa deplase afè w yo avan cherif la oubyen jandam lan rive, pwopriyetè ou a ka deplase byen ou yo nan estokaj. Ou pwal gen pou w peye pou w retire afè w yo nan estokaj la. Ou ka pèdi byen ou yo nèt.

Si cherif la oubyen jandam lan devan pòt ou a, eseye pou w negosye pou plis tan pou w deplase. **Rasanble byen w ki gen plis valè — bagay ke w bezwen, tankou papye enpòtan ak medikaman.**

Lwa estokaj la egzije ke yon jandam deplase byen ou yo nan yon **depo piblik** lisansye pa Depatman de Sekirite Piblik pou estoke bagaj.

Ou gen dwa pouw chwazi **yon depo piblik lisansye de 32 kilomèt** de apatman an pou estoke byen ou yo. Ou dwe ekri jandam nan **nan tan an oubyen anvan yo retire pwopriyete ou a** pou w di yo kote w ta renmen afè w yo ale.

Ou ka twouve yon lis depo piblik ke yo **apwouve** kote yon cherif oubyen jandam ka pran bagay ou yo an liy: [Mass.Gov/service-details/public-warehouse-evictions](https://www.mass.gov/service-details/public-warehouse-evictions)

Cherif la ka **sèlman** deplase byen ou yo mete nan yon enstalasyon pou estokaj oubyen kay yon zanmi oubyen kay yon fanmi si pwopriyetè ou a dakò. Mande propriyete ou a pou aksepte pou deplase byen ou yo a yon plas ou chwazi alò ou pap gen pouw peye frè stokaj. Propriyete a dwe aksèpte, si w mande

Gade [MassLegalHelp.org/housing/eviction-storage-law](https://www.mass.gov/help/help/mass-legal-help/housing/eviction-storage-law)

## Fòmilè Rechèch Lòjman

| <b>Dat</b> | <b>Adrès / anplasman<br/>apatman an</b> | <b>Kontak</b> | <b>Rezilta</b> |
|------------|---|---------------|----------------|
|            |   |               |                |

## **Enstriksyon pou itilizatè fòmilè ki tradwi yo**

---

Ranpli fòmilè sa a epi apre sa kopye enfòmasyon ou yo nan fòmilè anglè a nan paj 11.

Remèt fòmilè ki ann anglè sèlman bay tribinal la ansanm ak pwopriyetè ou oswa avoka li a.

Kenbe fòmilè Kreyòl ayisyen lan ak yon kòpi fòmilè anglè a pou dosye ou.

### **Ou gen dwa ak yon entèprèt gratis**

Anvan ou ale nan randevou tribinal ou, rele tribinal la epi mande pou biwo Grefye Tribinal la.

Si w pa ka jwenn nimewo telefòn tribinal la sou dokiman tribinal ou genyen an, chache li anliy. Itilize Zouti pou Lokalize yon Tribinal ki nan [mass.gov/courthouse-locator](https://www.mass.gov/courthouse-locator).

Di grefye a ke w bezwen yon entèprèt.

Si w ale nan tribinal la an pèsòn, ou ka montre kat sa a bay grefye tribinal la:  
[masslegalhelp.org/language-rights/free-interpreter-en-hc.pdf](https://www.masslegalhelp.org/language-rights/free-interpreter-en-hc.pdf)

### **Tribinal yo angaje pou yo sèvi moun ki pale tout lang**

Tout tribinal ki nan eta Massachusetts ta dwe ba w yon entèprèt si w bezwen youn.

Si w pa ka jwenn èd ke w bezwen nan men yon pèsònèl tribinal la oswa yon entèprèt, ou ka depoze yon plent anliy: [macourtsystem.formstack.com/forms/language\\_access\\_complaint](https://www.macourtsystem.formstack.com/forms/language_access_complaint)





# FÒMILÈ

(Souplè ekri ak karaktè enprimri oswa tape)

## TRIBUNAL PWOSE ETA MASSACHUSETTS

a. \_\_\_\_\_, ss:  
Konte

d. \_\_\_\_\_  
Non Tribinal la

b. \_\_\_\_\_  
Plenyan (yo) - Pwopriyetè (yo)

e. \_\_\_\_\_  
Nimewo Dosye a Pwosisis Rezime a

vs.

### MOSYON POU RETE EGZEKISYON AN

c. \_\_\_\_\_  
Defandè (yo) - Lokatè (yo)

Lokatè a nan pwosè sa a mande Tribinal sa a pou rete delivrans egzekisyon an anba M.G.L. c. 239, §§9 e 10, règ aplikab, avèk pouvwa jis tribinal la.<sup>1</sup>

1. Lokatè a pat ka trouve yon kote poul viv, malgre dilijans kel te fè jan yo te dil la:

---

---

---

2.  Lokatè a oubyen yon moun nan kay la gen 60 an ou byen plis laj ke sa.

3.  Lokatè a ou byen yon moun nan kay li a gen problèm fizik ou byen andikap mantal.

4. Li tap yon eprèw spesyal poum deplase kounya, paske:

---

---

---

<sup>1</sup> Konfòmeman a *LoRusso v. Talbot*, 1999 Mass. Aplikasyon. Div. 301, 304, "Tandiske se desizyon jij la pou l konsidere tout difikilte yon ranvwa gen dwa provoke l, objektif lejislatif la avèk politik ki anba stati ki enimerè pi wo yo [M.G.L. c. 239, §§9 ak 10] sanble egzije yon memiz jidisyè sou echèl tout ekilibrasyon enterè yo anfavè de lokatè a."

5.

**Mosyon dijans pou repòte egzekisyon an sou yon baz tanporè ann atant yon lòt odyans**

Mwen te resevwa yon avi ki te di ke yon jandam oswa yon cherif pral mete m deyò lakay mwen \_\_\_\_\_ (dat) a \_\_\_\_\_ (lè) epi mwen mande pou tribinal la òdone pou kanpe egzekisyon sa a imddyatman ann atant yon odyans ak yon desizyon sou mosyon ki afiche pi wo a pou retire defo a.

6. Lòt faktè enpòtan ke m ta renmen tribinal la konsidere:

---



---



---



---

7. **Grefye:** Mwen mande pou tande mosyon sa nan \_\_\_\_\_ (dat) a \_\_\_\_\_ pil.  
**Pwopriyetè:** Silvouplè note ke mosyon sa a pral prezante nan lè ki afiche pi wo a.

8. Mwen sètifye ak dokiman sa a ke mwen te  livre alamen /  voye pa lapòs (*kwoche sa ki korèk la*) yon kòpi Mosyon Dekouvèt la bay pwopriyetè mwen an oswa bay avoka li a nan \_\_\_\_\_ (dat).

9. \_\_\_\_\_  
 Siyati lokatè a

\_\_\_\_\_  
 Siyati Lokatè a

\_\_\_\_\_  
 Non lokatè (*alekri*)

\_\_\_\_\_  
 Non Lokatè a (*alekri*)

\_\_\_\_\_  
 Adrès

\_\_\_\_\_  
 Adrès

\_\_\_\_\_  
 Vil                                      Eta                                      Kòd postal

\_\_\_\_\_  
 Vil                                      Eta                                      Kòd Postal

\_\_\_\_\_  
 Nimewo telefòn

\_\_\_\_\_  
 Nimewo Telefòn

\_\_\_\_\_  
 Imèl (si genyen)

\_\_\_\_\_  
 Imèl (si genyen)

Dat: \_\_\_\_\_

# FORM

(Please print or type)

## COMMONWEALTH OF MASSACHUSETTS TRIAL COURT

a. \_\_\_\_\_, ss:  
County

d. \_\_\_\_\_  
Name of Court

b. \_\_\_\_\_  
Plaintiff(s) – Landlord(s)

e. \_\_\_\_\_  
Docket No. Summary Process

vs.

### MOTION TO STAY EXECUTION

c. \_\_\_\_\_  
Defendant(s) – Tenant(s)

The tenant in this case requests this Court to stay the issuance of execution under M.G.L. c. 239, §§9 and 10, applicable rules, and the court's equitable powers.<sup>2</sup>

1. The tenant has been unable to find a new place to live, despite diligent efforts as follows:

---

---

---

2.  Tenant or someone in his/her household is 60 years of age or older.
3.  Tenant or someone in his/her household has a physical or mental impairment.
4. It would be a special hardship to move now, because:

---

---

---

---

<sup>2</sup> Pursuant to *LoRusso v. Talbot*, 1999 Mass. App. Div. 301, 304, "[w]hile it is within the judge's discretion to consider any hardship a stay may cause the landlord, the legislative purpose and policies underlying the above statutes [M.G.L. c. 239, §§9 and 10] appear to mandate a judicial thumb on the scale of any balancing of interests in favor of the tenant."

5.

**Emergency Motion for Temporary Stay of Execution Pending a Hearing**

I received a notice that a constable or sheriff will move me from my home on \_\_\_\_\_(date) at \_\_\_\_\_(time) and I request that the Court immediately stay issuance or use of execution pending a hearing and decision on the above Motion.

6. Other relevant factors that I would like the Court to consider:

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

7. **Clerk:** I request this motion to be heard on \_\_\_\_\_(date) at \_\_\_\_\_ o'clock.  
**Landlord:** Please take note that this Motion will be heard at the above time.

8. I  delivered or  mailed (*check which one*) a copy of this Motion to my landlord or to his/her lawyer on \_\_\_\_\_(date).

9. \_\_\_\_\_  
Signature of Tenant

\_\_\_\_\_  
Signature of Tenant

\_\_\_\_\_  
Tenant's Name (*print*)

\_\_\_\_\_  
Tenant's Name (*print*)

\_\_\_\_\_  
Address

\_\_\_\_\_  
Address

\_\_\_\_\_  
City State Zip

\_\_\_\_\_  
City State Zip

\_\_\_\_\_  
Telephone Number

\_\_\_\_\_  
Telephone Number

\_\_\_\_\_  
Email (if any)

\_\_\_\_\_  
Email (if any)

Date: \_\_\_\_\_